

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Masyarakat Sunda minangka salah sahiji masyarakat anu masih kénéh pengkuh mertahankeun adat istiadat jeung kabudayaan ti para karuhunna. Hal ieu katitén tina ritual jeung sistem upacara anu nyampak dina kahirupan sapopoé masyarakatna. Nurutkeun Depdikbud (1979, kc. 117) upacara-upacara adat di tatar Sunda téh aya sababaraha rupa, nya éta: 1) upacara-upacara sapopoé; 2) upacara-upacara bulanan; 3) upacara-upacara *musiman* atawa taunan (upacara-upacara anu raket patalina jeung *hari raya* jeung upacara-upacara kasuburan anu aya patalina jeung adat tani); jeung 4) upacara-upacara *lingkaran hidup (life cycle)*, misalna upacara anu patali jeung ngalahirkeun, sunatan (khitanan), kawinan jeung adat nalika aya nu maot.

Dina péréléan nu pamungkas upacara adat téh dipatalikeun jeung *lingkaran hidup (life cycle)*. Minangka salah sahiji conto tina *life cycle* nya éta tradisi sunatan (khitanan). Tradisi sunatan miboga unsur-unsur kabudayaan di jerona. Saperti anu disebutkeun ku Koentjaraningrat (2009, kc. 165) yén unsur kabudayaan téh aya tujuh, nya éta sistem kapercayaan, organisasi kamasarakatan, pangaweruh, kasenian, basa, pakasaban, sarta téhnologi jeung pakakas. Sakumaha anu geus ditétélakeun ku Koentjaraningrat, salah sahiji unsur kabudayaan téh nya éta unsur kapercayaan jeung kasenian. Éta unsur téh aya dina tujuan sunatan, nya éta mangrupa tanda urang muslim dina ngalaksanakeun paréntah agama (Moestapa, 2010, kc. 55). Dina tradisi sunatan Sunda ogé nyangkaruk unsur-unsur kasenian di jerona, saperti dina acara sawér jeung hiburan tradisional anu sok dipaké dina hajatan sunatan (contona kuda rénggong jeung sisingaan).

Sunatan biasa dilaksanakeun ku umat Islam pikeun kaséhatan jeung meresihan diri tina haram jeung najis. Di tatar Sunda istilahna disebut sunatan atawa sepitan. Nurutkeun Moestapa (1913, kc. 39) dina jaman baheula saméméh taun 1860 Maséhi, kecap sunat saméméhna disebut sudat, memang dina basa Sunda gampang nambahan hurup *nun* atawa *mim*, gampang pindah aksara nu uni, gampang mindahkeun pangarti asal basa, ku sabab kitu robah, asalna disundatan

jadi disunatan. Hartina sudat téh nya éta sopak atawa keureut, ngan anu dikeureut téh siritna wungkul, diberesihan atawa dipiceun kokocopna sangkan teu nyangsang kokotor lamun tas kiih (Sumarnaputra dina Su'eb, 1999, kc. 67).

Nurutkeun Hamid, di daérah kanékés (Banten) sunatan téh disebutna "Ngeslamkeun" (Su'eb, 1999, kc. 142). Tuluy Sumarnaputra ogé ngébréhkeun yén di daérah Citorék (Banten) istilah sunatan téh disebutna nyelamkeun, tangtu asalna mah tina kecap Islam (Su'eb, 1999, kc. 66). Ari kecap nyelamkeun, maksudna téh nya éta ngaislamkeun. Anu dimaksud nyelamkeun (ngaislamkeun) téh lain ngaislamkeun hiji jelema anu tadina lain Islam ku jalan disina maca sahadat, tapi ngeureut sirit budak atawa nyundatan (nyepitan/meresihan ku jalan dipiceun kokocopna).

Ku kituna, dina nyurahan kecap sunatan pajarna tina kecap sunat basa Arab téh tétéla salah, sabab ceuk basa Arabna mah sunatan téh disebutna hitanan, kecap asalna khitan (Sumarnaputra dina Su'eb, 1999, kc. 67).

Acara sunatan sok disebut ogé hajat kariaan, pangna disebut kitu ku sabab di jaman baheula saupama aya nu nyunatan terus direuah-reuah (aya raraméan/tatangapan), meuncit domba atawa munding, jalma-jalma nyarebutna "kariaan" hartina aya raraméan (Moestapa, 1913, kc. 42).

Dina jaman *modérn* saperti ayeuna, kabudayaan tradisional bisa disebut éléh pamor ku kabudayaan asing. Ku kamajuan jaman jeung téhnologi, aya sababaraha kabudayaan anu masih dipertahankeun, tapi aya ogé kabudayaan anu ditinggalkeun. Kabudayaan aya ku sabab dipaké ku masarakatna, saupama teu dipaké tangtu lila-lila bakal leungit atawa tumpur. Salah sahiji masarakat anu masih mertahankeun kabudayaan Sunda nya éta masarakat di Désa Dayeuhkolot Kacamatan Sagalahérang Kabupatén Subang. Ditilik tina kasang tukang sosialna, masarakat di Désa Dayeuhkolot mayoritas ngagem agama Islam sarta masih mertahankeun kabudayaan Sunda. Salah sahiji conto tradisi anu masih dilaksanakeun ku masarakatna nepi ka kiwari, nya éta acara sunatan adat Sunda. Di jaman baheula prosés nyunatan di Désa Dayeuhkolot dilaksanakeun ku paraji sunat (béngkong). Tapi ka béh dieunakeun, ku kamekaran jaman, prosés nyunatan téh lolobana ngagunakeun tanaga *médis* (Dokter). Sok sanajan geus kaitung jarang

Tita Nurmaya, 2017

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SÉMOTIK DINA TRADISI SUNATAN DI DÉSA DAYEUHKOLOT
KACAMATAN SAGALAHÉRANG KABUPATÉN SUBANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN
MACA ARTIKEL DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nepi ka méh euweuh, masih kénéh aya prosés nyunatan sacara tradisional (ku béngkong). Ku kituna, panalungtikan tradisi sunatan di Désa Dayeuhkolot henteu ngan saukur medar ngeunaan runtuyan acarana wungkul, tapi medar ogé ngeunaan proses nyunatan sacara tradisional ku paraji sunat (béngkong).

Tradisi sunatan di Désa Dayeuhkolot miboga ajén-inajén katut tanda-tanda jeung simbol di jerona. Tanda jeung simbol éta nyangkaruk dina prak-prakan acarana, proses nyunatan anu masih tradisional ku paraji sunat (béngkong), alat-alat paranti nyunatan, sasajén, jrrd. Tangtuna ieu tanda jeung simbol téh miboga ma'na anu kudu dipikanyaho sangkan kapanggih naon harti anu dipimaksudna. Élmun anu maluruh ngeunaan tanda jeung simbol disebut sémiotik.

Nurutkeun Van Zoest (Sobur, 2009, kc. 16) kecap sémiotika asalna tina basa Yunani, *semeion* anu hartina tanda, atawa *seme* anu hartina *penafsir* tanda. Tuluy Saussure (Sobur, 2009, kc. 12) ngébréhkeun yén sémiotik nya éta élmu anu maluruh ngeunaan tanda-tanda nu aya dina kahirupan masarakat. Tanda-tanda (*signs*) nya éta dasar tina sakabéh komunikasi (Littlejohn dina Sobur, 2009, kc. 15). Jadi, sémiotik nya éta élmu anu maluruh ngeunaan tanda-tanda dina kahirupan masarakat, éta tanda téh dipaluruh ku sabab miboga ma'na di jerona, ma'na dipaluruh sangkan bisa dipikaharti ku masarakat.

Teori Peirce nétélakeun tilu hubungan tanda jeung acuanna, nya éta: 1) ikon, 2) indéks, jeung 3) simbol (Sukyadi, 2011, kc. 25). Ku cara nganalisis unsur sémiotik (ikon, indéks jeung simbol), ajén-inajén dina tradisi sunatan bisa dipaluruh sarta masarakat Sunda bisa leuwih wanoh, ngariksa jeung ngarti kana budayana. Ku kituna panalungtik miboga karep pikeun ngawanohkeun unsur sémiotik dina tradisi sunatan di Désa Dayeuhkolot Kacamatan Sagalahérang Kabupatén Subang ka nu maca. Lian ti éta ieu hasil panalungtikan bisa dilarapkeun dina pangajaran formal di sakola. Udaganna, sangkan siswa bisa wanoh, paham, ngamumulé jeung ngariksa kana kabudayaan Sunda nu aya di masarakat, sangkan kabudayaan Sunda teu tumpur sarta bisa terus aya ti generasi ka generasi saterusna. Ku sabab kitu, ieu tradisi sunatan téh bisa dijadikeun artikel pikeun bahan pangajaran maca di SMA.

Tita Nurmaya, 2017

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SÉMIOTIK DINA TRADISI SUNATAN DI DÉSA DAYEUHKOLOT
KACAMATAN SAGALAHÉRANG KABUPATÉN SUBANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN
MACA ARTIKEL DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Panalungtikan ngeunaan unsur sémiotik, saméméhna geus aya nu nalungtik, di antarana “Unsur Sémiotik dina Upacara Adat Gusaran di Désa Tambakmekar Kacamatan Jalancagak Kabupatén Subang” (Skripsi Nurlela Novianti, 2015); “Unsur Sémiotik dina tradisi Nyepuh di Désa Ciomas Kacamatan Panjalu Kabupatén Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA” (Skripsi Krisna Amélia, 2014); jeung “Unsur Sémiotika dina Tradisi Ngikis di Désa Karangkamulyan Kabupatén Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII” (Skripsi Heryani Isman Rukmana, 2015);

Éta judul-judul skripsi téh miboga sasaruuan jeung ieu panalungtikan, nya éta maluruh ngeunaan unsur sémiotik dina kabudayaan. Tina salah sahiji judul skripsi aya nu medar ngeunaan unsur sémiotik dina upacara adat gusaran (digusar/digosok huntu hareupna saméméh disunatan supaya rata). Bédana jeung panalungtikan saméméhna nya éta ieu panalungtikan medar ngeunaan unsur sémiotik dina prak-prakan upacara sunatan adat Sunda ti awal nepi ka ahir. Ku sabab can aya nu kungsi nalungtik, hal ieu matak ngahudang panyusun pikeun nalungtik runtuyan acara sunatan sangkan bisa ngagambarkeun ieu tradisi sacara gembleng, henteu ngan saukur ngagambarkeun kumaha prak-prakan acarana, tapi ogé maluruh ngeunaan ma’na jeung simbol anu nyampak di jerona. Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan nu judulna “Ulikan Struktural-Sémiotik dina Tradisi Sunatan di Désa Dayeuhkolot Kacamatan Sagalahérang Kabupatén Subang pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, lega pisan masalah anu perlu ditalungtik dina ieu tradisi téh. sangkan leuwih museur, ieu panalungtikan diwatesananan ngan medar ngeunaan sajarah tradisi sunatan, prak-prakan tradisi sunatan, unsur sémiotik dina tradisi sunatan, jeung hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun dina sababaraha patalékan, saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha runtuyan acara jeung prak-prakan tradisi sunatan di Désa Dayeuhkolot Kacamatan Sagalahérang Kabupatén Subang?
- 2) Kumaha unsur sémiotik (ikon, indeks, simbol) dina tradisi sunatan di Désa Dayeuhkolot Kacamatan Sagalahérang Kabupatén Subang?
- 3) Kumaha unsur sémiotik dina tradisi sunatan pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh simbol-simbol nu nyampak dina sunatan di Désa Dayeuhkolot Kacamatan Sagalahérang Kabupatén Subang sarta ajén-inajén nu aya di jerona. Salian ti éta, tujuan tina ieu panalungtikan pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan budaya Sunda pikeun masarakat umum.

1.3.2 Tujuan Khusus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun:

- 1) ngadéskripsikeun runtuyan acara jeung prak-prakan tradisi sunatan di Désa Dayeuhkolot Kacamatan Sagalahérang Kabupatén Subang;
- 2) ngadéskripsikeun unsur sémiotik nu nyampak dina tradisi sunatan di Désa Dayeuhkolot Kacamatan Sagalahérang Kabupatén Subang;
- 3) ngalarapkeun hasil analisis simbol dina tradisi sunatan di Désa Dayeuhkolot Kacamatan Sagalahérang Kabupatén Subang pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban jeung nambahan pangaweruh sarta informasi ngeunaan kabudayaan Sunda nu masih kénéh aya di sabudeureun

masarakat Kabupatén Subang. Lian ti éta ogé, sangkan ngeuyeuban bahan pangajaran maca artikel di SMA.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sababaraha mangpaat praktis anu dipiharep bisa kahontal tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) pikeun panalungtik, ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh dina widang kabudayaan, hususna dina tradisi sunatan di Désa Dayeuhkolot Kacamatan Sagalahérang Kabupatén Subang;
- 2) pikeun masarakat, hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan kabudayaan, sarta méré pangdeudeul pikeun ngarojong dina usaha ngamumulé budaya Sunda sangkan teu leungit;
- 3) pikeun widang atikan, hasil analisis unsur sémiotik dina tradisi sunatan di Désa Dayeuhkolot Kacamatan Sagalahérang Kabupatén Subang bisa dijadikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA.

1.4.3 Mangpaat Kawijakan

Mangpaat kawijakan dina ieu panalungtikan nya éta dipiharep pamaréntah hususna Dinas Budaya jeung Pariwisata bisa leuwih merhatikeun kana tradisi nu masih kénéh aya di masarakat. Sangkan pamaréntah bisa ngadokumentasikeun atawa miboga arsip ngeunaan tradisi-tradisi anu masih dilaksanakeun ku masarakat, sangkan aya bukti sajarah ngeunaan tradisi anu kungsi aya di tatar Sunda.

1.4.4 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Mangpaat isu jeung aksi sosial ieu dina ieu panalungtikan nya éta dipiharep tradisi nu aya di tatar Sunda bisa leuwih dipikawanoh ku balaréa, sangkan tradisi-tradisi nu aya bisa terus dimumulé jeung diriksa ku masarakatna.

1.5 Raraga Nulis

Sanggeus data réngsé dianalisis, tahap ahir dina ieu panalungtikan nya éta nyusun laporan dina wangun skripsi. Sacara gurat badag dina nyusun skripsi kabagi jadi lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

Tita Nurmaya, 2017

ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SÉMIOTIK DINA TRADISI SUNATAN DI DÉSA DAYEUHKOLOT KACAMATAN SAGALAHÉRANG KABUPATÉN SUBANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

BAB I bubuka, eusina ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga nulis.

BAB II tatapakan tiori, dipedar ngeunaan sémiotik, tradisi sunatan, jeung pangajaran maca artikel.

BAB III métode panalungtikan, dipedar ngeunaan lokasi géografis tempat panalungtikan, sumber data, désain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan.

BAB IV runtuyan acara jeung prak-prakan tradisi sunatan di Désa dayeuhkolot, unsur sémiotik dina tradisi sunatan, jeung hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA.

BAB V kacindekan jeung saran, mangrupa bab pamungkas nu eusina ngeunaan gurat badag, intisari tina skripsi panalungtikan, jeung saran pikeun panalungtikan satuluyna.